**Ilimiy iskerlik**

Gigiena hám qorshaǵan ortalıq, Epidemiologiya kafedrasında tiykarǵı shtatta 1 professor, 1 docent, 1 PhD, 1 medicina ilimleriniń kandidatı jáne qosımsha 1 medicina ilimleriniń kandidatı hám 1 Avstriyadan professor-oqıtıwshılar jumıs alıp baradı.

2008-jılı kafedra baslıǵı V.K. Absattarova "Aralboyında dizenteriyanıń epidemiologiyalıq ózgeshelikleri hám onıń aldın alıw ilajların jetilistiriw" temasında kandidatlıq dissertaciyasın qorǵadı.

2013-jılı professor A.M. Madreymov "Aralboyında ótkir diareya keselliklerin azaytıwdıń epidemiologiyalıq tárepleri" atamasında doktorlıq dissertaciyasın jaqlaǵan hám 2013-jılı professor ilimiy ataǵı berilgen.

2018-jılı kafedra docenti D.O.Otaxanova "Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń keselleniw dárejesine hawa pataslanıwınıń tásirin gigienalıq bahalaw" temasında kandidatlıq dissertaciyasın jaqladı.

2023-jılı K.K. Dauılbaeva "Qubla Aralboyı stafilinidleriniń (Coleoptera, Staphylinidae) ekologiyalıq hám faunistikalıq ózgeshelikleri" atamasında kandidatlıq dissertaciyasın jaqladı.

Usı jılı 30 maqala (15 respublikalıq, 14 xalıqaralıq, 1 ScopusWeb of Science), 17 tezis (11 respublikalıq, 6 xalıqaralıq), 3 oqıw qollanba, 1 DGU basıp shıǵarıldı, noyabr ayında kafedramızda simpozium bolıp ótti hám 2 oqıtıwshı bayanat penen qatnastı, bunnan tısqarı, oqıtıwshılarımız basqa konferenciyalarda bayanatları menen qatnastı.

2025-jıl 18-aprel kúni Gigiena hám qorshaǵan ortalıq, epidemiologiya kafedrası tárepinen Gigiena páninen Xalıqaralıq studentler olimpiadası shólkemlestirildi. Medicinalıq ekologiya hám Ózbekstannıń hár qıylı medicinalıq joqarı oqıw orınlarınıń studentleri hám Qazaqstannan studentler qatnastı.